



Kisa Jistis Anviwònmantal ye ak Kijan ou ka Patisipe nan Desizyon ki afekte kominote w la

28 janvye 2024

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònmantal

Caroline Lemoine

Direktè Adjwen Jistis Anviwònmantal



Prensip Fondamantal Jistis Anviwònmantal

Kisa jistis anviwònmantal ye?

Konsèp jistis anviwònmantal la vle di tout moun ta dwe gen kapasite pou yo viv epi jwi yon anviwònman ki pwòp e an sante kèlkeswa ras, koulè, revni, klas, andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, nasyonalité, etnisite oswa zansèt, kwayans reliye oswa konpetans nan lang anglè.

Moun k ap pran desizyon reyalize objektif tout moun dwe genyen menm pwoteksyon pou yo jwi yon anviwònman ki an sante lè yo bay:

- Tretman san Patipri
 - Prevansyon enpak dispwopòsyonèl danje anviwònman negatif ki te koze akoz desizyon oswa politik gouvènmantal
- Patisipasyon Siyifikatif
 - Patisipasyon nan pwoesisis desizyon ki ka gen enpak dirèk sou kalite lavi rezidan yo ak anviwònman an
 - Asire vwa kominate a enfliyanse desizyon oswa politik yo
 - Asire aksè a **tout** moun nan pwoesisis pou pran desizyon li yo
- Distribisyon Ekitab
 - Asire distribisyon egal nan benefis ak chay anviwònman an



Prensip Fondamantal Jistis Anviwònmantal

Konprann tèm "Anviwònman" nan Jistis Anviwònmantal

Dapre diksyonè Oxford, tèm "Anviwònman an" gen rapò ak mond natirèl kote moun, bét, ak plant ap viv ak enpak aktivite imen sou kondisyon li yo.

Objektif jistis **anviwonmantal** la se pou tout moun gen dwa ak aksè egalego nan eleman fondamantal anviwònman an, sa gen ladann men se pa sa sèlman:

- Lè pwòp
- Resous dlo ki pwòp
- Espas piblik
- Aksè nan enstalasyon Iwazi ki deyò
- Netwaye enèji renouvlab



Prensip Fondamantal Jistis Anviwònmantal

Kisa yon Kominote Jistis Anviwònmantal ye?

Yon kominote jistis anviwonmantal se youn ki gen yon fado dispwopòsyonèl nan polisyon ak danje anviwònman an. Dapre lalwa nan Massachusetts, yon kominote defini kòm jistis anviwònman si li satisfè youn oswa plizyè nan kritè sa yo:


- 40% nan popilasyon an konpoze de **minorite**
- **Revni** mwayèn nan kominote a ki pa plis pase 65% revni anyèl nan tout eta a revni mwayèn nan kay la
- 25% nan popilasyon an **manke konpetans nan anglè**
- 25% nan popilasyon an konpoze de **minorite ak revni kay la nan minisipalite** a pa plis pase 150% revni mwayèn chak ane nan tout eta a



Prensip Fondamantal Jistis Anviwònmantal

Pann nan katye Brockton

- Jòn = 40% konpoze de minorite
- Vèt = 25% konpoze de revni fanmi anyèl minorite ak minisipalite a se < pase 150% revni nan tout eta a.
- Woz = Minorite ak absans anglè
- Ble = Minorite, Revni, ak absans anglè





Prensip Fondamantal Jistis Anviwònmantal

Kominote Jistis Anviwònman vs Kominote Jistis ki pa Anviwònman




92% nan
popilasyon
Abington se blan

(Done census.gov 2022)

Revni mwayèn fanmi
Abington se \$120,535
ak revni fanmi nan
tout eta a se \$93,550.

(Done census.gov 2022)

Gwoup blòk 3 nan
Rockland revni
mwayèn nan kay
la se \$51,763
([EJ Map Viewer](#))



NON

NON

WI



Vwa Ou Enpòtan

Poukisa vwa ou enpòtan

- ★ Kalite lavi ou gen chans pou yo afekte negatifman akoz desizyon ajans oswa politik
- ★ Ou konnen difikilte kominote w ap rankontre
- ★ Ou ka pi byen enfòme moun k ap pran desizyon yo ak moun k ap fè politik yo konsekans fado kominote w genyen epi kontinye sipòte
- ★ Ou konnen sa ki pi bon pou kominote w la



A large, colorful word cloud centered around the words "Thank You" in various languages. The word "Thank You" is repeated in many different languages, including English, Spanish, French, Italian, German, Dutch, Portuguese, and many others. The words are arranged in a circular pattern around the center, with "Thank You" at the top and "Obrigado" at the bottom. The background is white, and the words are in different colors, including red, blue, green, yellow, and orange.